***К.Рахманов***

# Ынжықтың муҳаббаты

## *(Еки бөлимли комедия)*

Қатнасыўшылар:

Қудыяр-70 жаслар әтирапындағы ғарры

Ғаррыбай-35 жас, Қудыярдың баласы

Айшолпан-25-26 жастағы қыз

Зыяда-70 жастағы аўылдың кемпири

Елеген-65 жастағы аўыл адамы

Айжамал-30-35 жаслардағы аўылдың қызы

Ырысгүл-35 жастағы аўылдың қызы

## I Бөлим

*Декорация шәртли түрде. Ол спектакьлдиң бастан аяғына өзгермейди. Сахна ашылғанда оң тәрептен ҳеш ким көринбейди. Шеп тәрептен Қудыяр ғарры өзинен тәўир-ақ узын бойлы баласын қолынан сүйреп шығады. Баласы Ғаррыбай шатқаяқлап киятырып «алла-жалла үйленбеймен» деп қояды.*

**Қудыяр:** *(даўыслап)* Қудағай, ҳа қудағай!

**Ғаррыбай:** Аға, аға! Мени қойса, бир ретке қойса!

**Қудыяр:** Неге қояды, ҳаў, мен қоймағанда не қылып киятырман!?

**Ғаррыбай:** Тағы бир ретке, аға… Үйленбей турайынса…

**Қудыяр:** Өлим-ә, симилтир! Сениң дәртиңнен яндым ғой, тап бүгин-ақ үйлендирип… Қудағай, ҳа қудағай! Ҳаў, бүгин келемен деп едим ғой. *(сахнаның оң жағынан ақ жаўлықлы кемпир көринеди)* Ҳее, ҳә, бар екен ғой жарқылық!

**Ғаррыбай:** Уяламан…

**Қудыяр:** Неден уяласаң, кемпирден бе? *(баласының қолын жаздырып келип көриспекши болып атырғанда Ғаррыбай билдирмей изине кетип қалады)* Қалай, қудағай, аман-есен отырсыз ба?

**Зыяда:** Шүкир, шүкир, аманбыз!

**Қудыяр:** Анаў күнги гәпти қуўалап, баланы жетелеп киятырғаным. Мине мынаў… *(қараса Ғаррыбай жоқ)* Ҳаў, жаңағы жүўернемекти жер жутты ма?

**Зыяда:** Бир сүлдер турғандай еди қасында…

**Қудыяр:** Сүлдер емес-аў, өзи еди-ғой, өзи! Уялған маңлайы қара! Тоқта, қудағай, мен оны услап әкелейин. Үйиңнен бир жип алып шық.

**Зыяда:** Оны қәйтесең?

**Қудыяр:** Алып шығабер!

**Зыяда:** Усы заманда жип бар ма? Кир жаятуғын жиңишкеси бар шығар.

**Қудыяр:** Ә-й, оны үзип кетеди ғой.

**Зыяда:** Ҳе, атлы я ешекли келип пе един?

**Қудыяр:** Әй, арқан қайда, жаңағы жиңишке жибиңди-ақ әкелши. Узын болса бир-еки бүклермен. *(Зыяда сол тәрепке кирип кетеди.)* Бул өзи қаяқта өсти-әй? Бунша адам жатырқағыш, әстаўпыралла, бала! *(Зыяда жип әкелип береди)* Яқшы, мен ҳәзир келемен. Айтпақшы, қыз үйде ме?

**Зыяда:** уйде ғой, жолына айдай қаратып қойыппан.

**Қудыяр**: Әй, зорсаң ғой, Зыяда, зорсаң! Баяғыда сени өзим алғанымда буннан да зор болатуғын един, әттең, несип етпедиң-дә!

**Зыяда:** Енди қуда-қудағай болайын деп турғанда бундай гәплердиң не кереги бар, Қудыяр?

**Қудыяр:** Әй, Зыяда, бенденики мудам әрман деген. Зыят кетсем, кеширгейсең. Кемпирден айрылғалы мен де малаға минген суўпыдай алжы-булжы болып баратырман. Ал кеттим… *(сахнаның шеп жағына кетеди)*

**Зыяда:** Жипти не қылады екен, шырағым-аў? Баласы бизиң қыздың теңи болып шықса не жақсы, екеўиниң жулдызы жараспай қалса, изи не болады? *(сахнаның бир тәрепинен Қудыяр менен баласының даўысы еситиледи)*

**Қудыяр:** Неге бул жерге тығылып турсаң, ийттиң баласы?

**Ғаррыбай:** Уяламан…

**Қудыяр:** Ҳаў, кимнен уяласаң?

**Ғаррыбай:** Үйлениўден…

**Қудыяр:** Өл, өлгейсең-дә! Қәне, әкел мойыныңды!

**Ғаррыбай:** Асажақсаң ба?

**Қудыяр:** Әйй, барыңнан жоғың сениң!

**Ғаррыбай:** Аға, бир сапарға…

**Қудыяр:** Ўаңқылдама! Әкел мойыныңды, собырайып өсебергенсең! *(Ғаррыбайдың мойнына жип илдирип жетелеген Қудыяр көринеди.)*

**Зыяда:** Ҳаў, бул не, шырағым-аў?

**Қудыяр:** Қәне, бассаң-ә адымыңды! Мынаў қәйин енең болады, сәлемлес!

**Ғаррыбай:** Салаўмал…салаўмал

**Зыяда:** Салаўмалы не, шырағым-аў?

**Қудыяр:** Салаўмалейкүм, деп атырғаны ғой.

**Зыяда:** Балаң не ме?

**Қудыяр:** Не ме?

**Зыяда:** Не ме *(гә балаға, гә ғаррыға жалтақлайды)*

**Қудыяр:** Тили ме? Ўәй, тилинде бәле жоқ…тек, өзи сәл ынжықлаў…

**Зыяда:** Ҳеш кимге зыянсыз ынжық болса, ҳеш гәп.

**Кудыяр:** Зыяны жоғ-аў… Буны тағы қашырып аларман. *(жиптиң ушын белине байлайды)* Ал, енди, Зыяда, өзиң билесең, баяғы ғаррың бардағы гәп ғой бул. Тап, Байбөри менен Байсары қусап биреўимиз қызлы болсақ, биреўимиз уллы болсақ атастырайық деп қойғанбыз ғой. Бул гәпти өзиң де билесең, ғаррың пақыр да өлмесинен ярым саат бурын айтып кеткен шығар-аў.

**Зыяда:** Бул гәптиң бир ушлығынан хабарым бар ғой. Бирақ, Қудыяр қурдас-аў, «үйдеги саўданы базардағы нырқ бузбасын». Баллар бир-бирин көрсе, қалай болар екен?

**Қудыяр:** Көрсин, ҳаў, бизлер ертең жолда қаламыз. Арман қарай кететуғын усылар ғой. Мал алғанда да көрип алады. *(Ғаррыбай тыпыршылайды.)*

**Зыяда:** Мен қызға хабар етип шығайын. *(ол бир-еки адым атыўдан Ғаррыбай изге қарай Қудыярды сүйрей баслайды.)*

**Қудыяр:** Ой, қудағай, қолыңды әкел! *(Зыяда Қудыярға қолын тутады. Екеўи де жығылады. Ғаррыбай екеўин де сүйреп кетеди.)*

**Зыяданың даўысы**: Өйбей, мынаўың асаў ғой, мынаўың…

**Қудыярдың даўысы**: Тоқта деймен, доңыз! Бизди өлтиретуғын болмасаң, тоқта! Алдынан шығың мынаның, ҳеей, ким бар?

**Ғаррыбайдың даўысы**: Үйлендирмейтуғын болсаң, тоқтайман!

**Қудыярдың даўысы**: Терис үйлен! Арқаға қарап үйлен! Қудағай, тиримисең?

**Зыяданың даўысы**: Қаяққа келип қалдық? Гөне қуйыға түсип кетпейик!

**Қудыярдың даўысы**: Үйиң күйгир! Шеш мойнындағы жипти! Үҳҳ! *(Аздан кейин қолына жип услаған Қудыяр, Зыяда шығады. Олар үсти-басларын қағынады.)*

**Зыяда:** Бул өзи бурыннан усындай қыңыр ма?

**Қудыяр:** Қәйдем билейин, бурын басына жип салып көриппен бе? Сен жаңағы қызыңа ескерт. Екеўи көриссин, изи не болса, көрермиз.

**Зыяда:** Яқшы *(кетеди)*

**Қудыяр:** Әй, Ғаррыбай, сен ол жерге тығылғанды қой. Берман кел! Берман кел деймен! *(Ғаррыбай көринеди)* Қасыма жақынла! *(Ғаррыбай әсте тағы бир адым*

*жақынлайды. Усы ўақта ол ҳәр адым атқан сайын арысланның қысқа өкиргениндей музыка даўысы шығып турады.)* Ғаррыбай балам, ҳәзир қыз бенен ушырасасаң.

**Ғаррыбай:** Қыз бенен? Алла-жалла…

**Қудыяр:** Өлим-аў, қыз бенен ушырасасаң дегенге қуўаныўдың орнына…

**Зыяда:** *(келеди)* Не қылдың? Баланды жуўасыттың ба?

**Қудыяр:** Әй, бул өзи сондайлаў, басылып қалды ғой. Қыз келе ме?

**Зыяда:** Бул бара қойсын, жайында күтип отыр.

**Қудыяр:** Бар, балам, жақсылап танысып алың.

**Ғаррыбай:** Мен бе?

**Қудыяр:** Енди ким? Сениң орнына мен барайын ба?

**Ғаррыбай:** Бармайман…

**Зыяда:** Не дейди? Мениң қызымды мисе тутпай турсаң ба?

**Қудыяр:** Бунда ондай көкирек жоқ-аў, ондай көкирек болғанда үсийтип тура ма? Кемпири өлгели үйдеги майда-шүйде жумысларға үйренип, өзиниң жигит екенин де умытып кеткен ғой. Бара ғой, балам, қызды күттирип қойған уят болады.

**Ғаррыбай:** Уяламан…

**Зыяда:** Мениң қызым да уялшақ, сол уялшақлығынан көп отырып қалды.

**Қудыяр:** Еки уялшақ қосылса шеп болмайды. Минезлери бир-бирине уқсас қостарлар жақсы, татыў өмир сүреди. Айтпақшы, неше жыл?

**Зыяда:** Не, неше жыл?

**Қудыяр:** Жаңағы отырып қалғанын айтаман-аў.

**Зыяда:** Бийшара ғаррым қайтыс болғанда оныншыны питкерип еди ғой. Соннан берли неше жыл өтти.

**Қудыяр:** *(Ойланып)* Әдеўир болды ғой. Оннан берли қанша патшалар өзгерди. Он бес жыл болып қалды-аў, шамасы…

**Зыяда:** Болса болған шығар.

**Қудыяр:** Онда тәўир-ақ отырған екен. Әй, зыяны жоқ, бизиң бала да түбелеги түскенше отыр ғой. Еки отырып қалған қосылса да шеп болмайды. Бара ғой, балам, тандырды қызғанда жап деген, суўып қалған соң қамыры ағып кетеди. Ғаррыбай: Қайта берейик те, аға, тағы бирде келермиз.

**Қудыяр:** Тағы бирде табытқа минип келесең бе, үйи жанғыр! Жасың болса қырыққа келип қалды ғой!

**Зыяда:** Қырыққа? Балаң қартайып қалыпты ғой, қырыққа келсе қызымды бермеймен!

**Қудыяр:** Қарқ! Сениң қызың жүдә детсадқа қатнап жүрген шығар?! Ғаррың Сәлмен мықыры өлгели де жигирма жылға шамаласып қалды. Сонда онтыншыны питирип отырған қыз! *(ойланып, бирден)* Ҳаў, сениң қызың да қылшылдаған қырыққа келип қалыпты ғой!

**Зыяда:** Қапылтпаш, қуда!

**Қудыяр:** Қуданды қойып тур, қудағай! Қудағай деппен-аў... Зыяда! Келинли болған соң ақлық сүйиў керек ғой. Нашар адам өзи қырықтан кейин туўа ма?

**Зыяда:** Оны балаңнан сора! Мына сүмирейиўи болса, жигирмадағын да туўдыралмас!

**Қудыяр:** Әй, ләўетек, туўа ма деймен?

**Ғаррыбай:** Не, сыйыр ма?

**Қудыяр:** Буны қойса! Екеўиниң басын қосып ала берейик, туўыў бир жаққа қашпас. Бар, балам, сәўер ярың көп күтип қалды.

**Ғаррыбай:** Қолайсыз ғой... Сүўретимди берип жибере қояйын.

**Қудыяр:** Сүўретимди?! Ўай-ўайй, адамды күйдиресең-аў! Сүўретиңди не қылады ол, я? Қәбириңниң басына қыстырып қоя ма? *(ол жуўырып барып қолына темир жаба қыстырып шығады)* Мен сени шаншып-ақ өлтирейин! Барасаң ба, жоқ па? *(Ғаррыбайды қыздың жайына қарай қуўады)*

**Зыяда:** Қудайтала собырайтып бой берген де қойған ба деймен. Бул ләмсер қызымды бахытлы ете алса болғаны ғой. Бир есаптан бундай жуўасы да шеп болмайды, қай барымыңа барады. Жуўас қашаған болмаса дей бер. *(Қудыяр келеди)*

**Қудыяр:** Билмеймен, кимге тартып бундай натық болғанын... Үлкен еки бала болса, қашшан хожалық болып кетип, ҳәзир олардағы ақлықларымның өзи үйленейин деп тур.

**Зыяда:** Буның өзи саўаты бар собырақ па?

**Қудыяр:** Ал, қудағай, оқымаған бәлеси жоқ. Жолда жатқан қағаз болса қолына алады да оқыйды. Сол оқып турғаны, оқып турғаны. Түни менен жайында шырасы сөнбейди. Қапысының тесигинен қарасам бир нәрселерди сызып атырғаны, майда-шүйде темир-терсеклерди шүйкилдетип бузып атырғаны...

**Зыяда:** Өйппей маңлайым, шпион емес пе екен?

**Қудыяр:** Шпион? Қаяқтағын айтасаң-аў, қудағай. Ал, өзиңниң қызыңның саўаты қалай?

**Зыяда:** Ол не ғой, ана... тигинши дей ме? Анаў комбинатта еркеклердиң шолақ дамбалын тигетуғын қусайды.

**Қудыяр:** Әбзели, сол жағына беккем болса болғаны ғой. Анық машыншы болса, көйлек-сөйлек тигиўди де үйренип алар-дә. *(Ғаррыбай шығады)* Ҳаў, тез шықтың ғой, балам?

**Ғаррыбай:** *(ентигип)* Бол…бол…дым..дым…

**Қудыяр:** Болдым? Ҳаў, көзди ашып-жумғанша ма? Не болды?

**Ғаррыбай:** Уяламан…

**Зыяда:** Шай-пай ишип дегендей…

**Қудыяр:** Енди гәп былай болсын, қудағай, бала менен жол-жөнекей, үйге барған соң да сөйлесемен. Бир жуўабын ертең берермен. Бәрибир бул жерде уялып ҳеш нәрсе айтпайды.

**Зыяда:** Аўа-дә, асығып турған мен жоқ. Қырқына шыдаған қырық бесине де шыдайды, дейди ғой.

**Қудыяр:** Қырық бесине емес, қырқ бирине шыдасаң да жетип атыр, қудағай. Достыңды еглеме жолдан қалдырып деген, бизлер күнниң барында кете берейик.

**Зыяда:** Хош! Келмекте болғайсыз! (Зыяда кетеди, булар әсте қыймылдаса баслайды.)

**Қудыяр:** Ал, не қылдың?

**Ғаррыбай:** Ҳеш нәрсе.

**Қудыяр:** Қалай, сулыў ма екен?

**Ғаррыбай:** Қәйдем…

**Қудыяр:** Ҳаў, оны көрмедиң бе?

**Ғаррыбай:** Көрдим.

**Қудыяр:** Көрсең кандай екен, сулыў ма, әпшерсиз бе?

**Ғаррыбай:** Билмедим, мен ондай жағын айыра алмайман.

**Қудыяр:** Қудайдың өлим-аў саған! Жақсы менен жаманды билмесең қалай адам боласаң? Сүйдиң бе?

**Ғаррыбай:** Қаяғынан?

**Қудыяр:** Қаяғынан болатуғын еди, ләмсер! Аўзынан шорп еттирип сүймедиң бе?

**Ғаррыбай:** Сүйейин десем дым келте екен.

**Қудыяр:** Аўзы ма?

**Ғаррыбай:** Аўыздың келте, узыны бола ма, аға. Бойын айтаман дә.

**Қудыяр:** Әй, келте болса еңкейиңкиреп… түйеге жантақ керек болса мойнын созады ғой. Я қыздың астына кели қойсаң болады ғой. Үҳҳ, яндырасаң-аў, яндырасаң! Сүймесең тақыр жерди сүй! Қәне, тоқ өтерин айт, ол қызға үйленесең бе?

**Ғаррыбай:** Болмайды-аў, аға, тап мениң мына жериме келеди-аў бойы. *(киндигиниң тусын көрсетеди)*

**Қудыяр:** Барыўдан бойын өлшестирип не қылайын деп едиң, оны армияға жиберейин деп атырсаң ба? Көрпениң ишине сүңгип кеткен соң узыны не, келтеси не…

**Ғаррыбай:** Көшеде жүргенде уяламан-дә, тап қасыңа гүржи ийт ертип жүргендей…

**Қудыяр:** Әй, сениң уялмаған күниң бар м? Өзиңниң көлеңкеңнен де уялатуғын шығарсаң, шубатылған бир бәле. Онда бул үйге қайтып келмеймиз бе?

**Ғаррыбай:** Қызы өсиңкиреген соң келмесек…

**Қудыяр:** Құдайдың мәрки-аў! Қырық жасқа шыққан қыз енди өсе ме?

**Ғаррыбай:** Қырыққа?

**Қудыяр:** Аўа, қырыққа шыққан қыз екен! *(олар иркиледи)*

**Ғаррыбай:** Онда меннен үлкен ғой, аға.

**Қудыяр:** Сен усы, нешедесең?

**Ғаррыбай:** Ҳаў, аға, атым Ғаррыбай болғаны менен быйыл 35 ке қарадым ғо!

**Қудыяр:** Қой онда, өзиңнен он жыл бурын пенсия алып отырса… Буны қояйық, балам, несип еткени бар шығар. Анаў үйди көрдиң бе? *(сахнаның сол жағына қолын силтейди.)*

**Ғаррыбай:** Көрип турман.

**Қудыяр:** Сол Әлимбет гуппан деген жорамның үйи. Соның оқыўдан қулап қалған бир қызы бар деп еситетуғын едим. Әкесине тартса сол қыз ири геўдели шығар. Жүр, соны көремиз.

**Ғаррыбай:** Яғаў, мен бармайман!

**Қудыяр:** Сен бармасаң усы жерде тур. Қызы бар болса, қалай болмасын усы жерге жибертемен. Олар сөзимди сыйлайтуғын адамлар. Қаңғырып кетип қалма, бала! *(Қудыяр сахнаның сол жағына шығып кетеди.)*

**Қудыярдың даўысы**: Ийтиңди усла, әй, бала!

**Баланың даўысы**: Келе бер, ата, ийт қаппайды.

**Қудыярдың даўысы**: Сонда да ийтке исенип бола ма! Гуппан үйинде бар ма?

**Баланың даўысы**: Гуппан? Түсинбедим.

**Қудыярдың даўысы**: Әлимбет бар ма?

**Баланың даўысы**: Аўа, атам үйде, китап оқып атыр.

**Қудыярдың даўысы**: Китап оқыйтуғын ўақытты тапқан екен заңғар! Журт баласына қатын таппай зер-зебил болып жүргенде… *(олардың даўысы тынады.)*

**Ғаррыбай:** Пай, бизиң ғарры да тынымсыз адам-аў! Усы үйлениўдиң неге кереги бар еди? Қәдимги өзимниң ғәрезсизлигим жақсы еди ғой. Енди сол қатынға ғәрезли болып жасайман ба? Түни мененги ислейтуғын жумысларыма кесент етеди ғой. Қашып кетсем бе екен? Қашқан менен тағы тутып әкеледи-дә. Усы ўақытқа шекем текетиреспе менен шыдасып келип едим, енди пайдасы жоқ. Өлмесинен бурын келин жумсағысы келеди, бунық айтып отырғаны да дурыс шығар.. *(тыңлайды)* Әй, биреўдиң аяқ дүсирлии еситиледи, бу нәпбәле! Жер солқылдап кеткендей болды ғой, жараған түйе болмасын! Тасаланайын… *(пахта тыққан қанардай тылтыйып қалған семиз қыз Айжамал шығып жән-жағына қаранады.)*

**Айжамал:** *(саққыз шайнайды, бул оның бетин әбден қорқынышлы етип көрсетеди.)* Маған жүрек етип келип жүрген жигити қандай екен, көрейик. Хаў, кудайдың өлими де жоқ ғой. Атын ким деп еди ийтширкинниң?! *(даўыслайды)* Хәәй, бул жерде қыз айттырып келген ким бойдақ бар? Мени айттырып келген жигит болса, бүктиң астынан шықсын! *(дөгерегине қарайды.)*

**Ғаррыбай:** *(өзинше)* Ғарры биротала күйген екен, мынаўсы кескен геллектей бир бәле ғой! *(көринип)* Мен ғой, сәлем бердик!

**Айжамал:** Болажақ қатынына да сәлем беремекен, ләўетек! Кел мында.

**Ғаррыбай:** Тоқта, мен анықлап қарап алайын…

**Айжамал:** Анықлап қарап не қыласаң, сүўретимди сызасаң ба?

**Ғаррыбай:** Қай жериңди сызатуғынымды да билмей турман… Бизиң гәўмистей гүйис қайтарып турсаң ғой. Аўзыңды берман әпкел! Хә, айтпақшы, атың ким? Мениң атым-Ғаррыбай.

**Айжамал:** Мени Айжамал дей бер…

**Ғаррыбай:** Қәне, онда аўзыңды әпкел!

**Айжамал:** Оны не қыласаң?

**Ғаррыбай:** Бир нәрсе айтпақшыман.

**Айжамал:** Бир нәрсени аўызға емес, қулаққа айтады.

**Ғаррыбай:** Сенде өзи шошайып турған қулақ та көринбейди. Мен… мен, Айжамал, гүйис қайтарып турған аўзыңнан шорп еттирип сүйежақпан.

**Айжамал:** Сени ким үйретти оған?

**Ғаррыбай:** Сыйырларым! Гүйис қайтарып турғанда сеннен де сулыў болып кетеди олар.

**Айжамал:** Мени сыйырға теңегениңе рахмет, бурынғылар шошқаға теңейтуғын еди.

**Ғаррыбай:** Олар кәпиримбет екен ғой. Бурын да жигитлер келди ме?

**Айжамал:** *(қыйқыў салып күледи)* Келмей не, мени биринши класстың қызы деп пе едиң?

**Ғаррыбай:** Оларға неге кетпедиң, қәлемедиң бе?

**Айжамал:** Дурыслысы тап болмады ғой, гилең мәнтирсек! Үстиме шымшық қонғандай етип не қыламан оларды?!

**Ғаррыбай:** Ал, енди не қыласаң, маған тийесен бе?

**Айжамал:** Еле семириңкире, Ғаррыбай, оннан кейин келерсең.

**Ғаррыбай:** Усы семирип болғаным, ендигиден былай азатуғын шығарман, себеби, семириўге ўақыт жоқ.

**Айжамал:** Онда бизге келиспейсең, мениң размерим емессең, Ғаррытол!

**Ғаррыбай:** Илайым, қәнекей, бул дүньядан размерим табылмай қақайып өтсем!

**Айжамал:** Болдық па, рухсат па?

**Ғаррыбай:** Аўа, сен келген жағыңа, мен келген жағыма!

**Айжамал:** Хош, мандымаған муҳаббатым! *(кетеди.)*

**Ғаррыбай:** *(изинен қарап)* Әстаўпырла, бала, бизиң қарекеңде де бундайлары бар екен-аў! Түҳҳ! *(Қудыяр келеди.)*

**Қудыяр:** Қалай, балам, қыз келди ме?

**Ғаррыбай:** Келди, аға.

**Қудыяр:** Қалай екен?

**Ғаррыбай:** Бул сапары да келиспеди, аға.

**Қудыяр:** *(түсинбей)* Келиспегени қалай?

**Ғаррыбай**: Ҳаў, бул келинимиз меннен салмақлы екен.

**Қудыяр:** Сеннен бе?

**Ғаррыбай:** Аўа!

**Қудыяр:** Ҳаў, нәпбәле! Оны не, көтерип көрдиң бе?

**Ғаррыбай:** Көзим тәрези ғой. Қой, аға, бизге келиспейди. Размерим емес.

**Қудыяр:** Әй, ақмақ! Салмақлы болғанда не, ол сениң үстиңе жатайын деп атыр ма? Ҳаў, айтпақшы, еле ол ҳүкиметтиң салған жайларының есигине де сыймайды-аў. Келин түсирдик деп, қапыларды өзгертип жүремиз бе?! Қой, балам, бастың аманлығында бул жерден де табанды тайдырайық. Әкесине бир сылтаў табарман.

**Ғаррыбай:** Усы саўданы қоя қойсақ қәйтеди, аға?

**Қудыяр:** Бул саўданы қойдық ғой енди.

**Ғаррыбай:** Яқ, улыўма қыз мәселесин, үйлениў тәтәрригин қоя қойсақ қәйтеди, деп атырман-дә, аға.

**Қудыяр:** Сонда не, дүньядан тақ өтесең бе?

**Ғаррыбай:** Дүньяға белгили көп адамлар тақ өткен.

**Қудыяр:** Енди сен де тақ өтсем дүньяға белгили боламан деп турсаң ба? Мениңше, дүньяға белгили болыў ушын қатынның кесенти жоқ шығар! Уялғанды қой, тағы излестирейик, елшиликтен саған қайым биреўи табылып қалар. Жүр, қәне, жолдан қалмайық. *(Енди олар сахнаның оң тәрепине қарай сөйлесип баратырған болады.)* Бул өмирлик саўда болған соң…

**Ғаррыбай:** Сол ушын да асықпаў керек, деймен.

**Қудыяр:** Ҳаў, асықпайық, асықпайық деп қырыққа шамаласып калдың ғой. Енди буннан буяғына аықпасақ болмайды. Кемпирим болғанда асықпай-ақ қояр едим. Ол да бийшара ертерек кете қойды.

**Ғаррыбай:** Аға, менде бир усыныс бар ғой.

**Қудыяр:** Ол қандай усыныс?

**Ғаррыбай:** Усы, өзиң-ақ үйлене қойса, аға меннен рухсат. Өзиңе бир кемпир таўып ала ғой.

**Қудыяр:** Ўәй, ләмсер! Мен үйленетуғын болғанымда сеннен рухсат сорап отыраман ба?! Енди жасым жетписке шыққанда биреўдиң жонып қойған кемпири бар ма маған?!

**Ғаррыбай:** Бағанағы кемпир саған қатып кетеди ғой!

**Қудыяр:** Ол жорамның катыны ғой.

**Ғаррыбай:** Жораң әлле кашан өлип қалған ғой. О дүньяға биреў айтып барар деймисең?! Сениң кемпириңди Қудыяр катынлыққа алды деп ҳеш ким жеткерип бармас…

**Қудыяр:** қудайға шүкир, саған да тил питип киятыр. Бүгин еки қызды көрип един, тәўир-ақ бетиң ашылып қалды, балам. Ҳәзир тағы бир қызға апараман, оннан кейин биротала натықлықты қойып, шешен болып кетесең!

**Ғаррыбай:** Яқ, мен шын айтып турман, аға. Еле де сол кемпирге айланып барайық. Енди сениң ушын оған мен сөз салайын, аға саған соны айттырайын.

**Қудыяр:** *(гарқылдап күледи)* Сөйтип қызын саған, кемпирин маған айттырып жүре берейик де! Өзиңниң быламығыңды былғай алмай жүрип басқаның сықпанын сығып не қыласаң, балам. *(олардың алдынан бир киси шығады.)*

**Елеген:** Ассалаўма алейкум, Қудыяр аға!

**Қудыяр:** Ўалейкум ассалам! *(қол алысады)* Ҳаў, Елегенбисең?

**Елеген:** Аўа, Қудыяр аға, қалай, тәндарсаң ба? Мынаў балаң ба?

**Қудыяр:** Аўа, аўа! Сәлем берсең-о, оңбаған!

**Ғаррыбай:** *(қолын созып)* Салаўмал…салаўмал…кум!

**Елеген:** Үлкен жигит болдың ба, қарағым? Ал, Қудыяр аға, жол болсын!? Бизиң аўылларға шығынып кетипсиз ғой?

**Қудыяр:** Әй, бизиң дәртимиз де боларғы емес, қошшым.

**Елеген:** Не өзи, аманлық па?

**Қудыяр:** Аманлығы да шамалы, Елеген иним, мына баланың басын бир шүберек баслыға шата қояйын деп едим, келисигин келтире алмай атырмыз. Бирине барсақ келте, бирине барсақ семиз, қыз дегенниң де размери табылмаса шатақ екен.

**Елеген:** Аўа-дә, өмирлик саўда болған соң олпы-солпысы келиспейди ғой. Бирақ, енди мениң бир сезгеним: сениң балаңның тилинде аз-маз мүкилик бар ма деп қалдым.

**Қудыяр:** Мүкилиги жоқ.

**Елеген:** Жаңа сәлемлескен ўақта…

**Қудыяр:** Өзи сондайлаў… аз сөйлейди.

**Елеген:** Саўат жағы қалай?

**Қудыяр:** Саўаттан питип қалған ғой, қолына не түссе соны оқый береди. Темир көринсе шуқлай береди. Бирақ, ҳеш ким менен иси жоқ.

**Елеген:** Қырма сақал екен, жасы да барып қалды ма деймен?

**Қудыяр:** Жас деп, иним, қырық деген жигиттиң ғырыстай ўақты ғой. Бул еле қырыққа да барған жоқ-аў.

**Елеген:** Ал, енди бизиң аўылда  усыған қайым бир қыз бар. Бул қурақым болған соң, соны да көрип қайтың. Өзим қыз бенен сөйлестиремен. Жүриң, кетип баратырып сөйлесеберермиз.

**Қудыяр:** Мынаўың ақыл болды, Елеген иним. Ўәй, ел елшилигин етер деп едим-аў. *(олар қозғалысып жүрип баратырған белги билдиреди.)*

**Елеген:** Ҳәммеси елден табылады ғой, Қудыяр аға. Өзиң не қылдың, кемпир-семпир алмадың ба?

**Қудыяр:** Әй, иним, жетписке келгенде не қыламан! Пәкизе усы баланы үйлендирсем, әрмансыз кетермен деп едим ғой.

**Елеген:** Әрмансыз кетесең, аға, несине асыға бересең! Ғырыстай азаматың саў болсын дей бер. Иним, кәспи-кәриң не?

**Ғаррыбай:** Қыз айттырыў!

**Елеген:** Пай, келистирдиң-аў! Буннан басқа талабың жоқ па?

**Ғаррыбай:** Сыйыр саўаман!

**Қудыяр:** Оны айтып не қылайын деп едиң, ләмсер! Қыз ға да усыны айтып қойсаң, дадыңды алла айта берсин!

**Ғаррыбай:** Рас нәрсениң несин жасырайын, мени аяса өзи саўып берсин!

**Елеген:** Атың ким еди?

**Ғаррыбай:** Ғаррыбай.

**Елеген:** Дурыс айтасаң, Ғаррыбай иним, саған сыйыр саўғандай бир нашар таўып беремен.

**Қудыяр:** Баланың бир жаман әдети бар.

**Елеген:** Ҳаў, сондай кемшилиги болса, оны да айтып қой, Қудыяр аға. Қыздың кемпир-ғаррысының алдында жөн алды қарабарақ мақтай берип, ертең өтиригим шығып қалар. Ал, қандай жаман әдети бар?

**Қудыяр:** Нашардан бетер уялшақ, натық, ынжық. Қызға дурыслап гәп айта алмайды.

**Ғаррыбай:** Уйренип киятырман ғой, аға. Бағанағы семиз қызға тәуир-ақ гәп айттым ғой.

**Елеген:** Не дедиң?

**Ғаррыбай:** Маған тийесең бе дедим.

**Елеген:** Енди тоқтап сөйлесип алайық, қыздың үйине де шамаласып қалдық. Ал, Ғаррыбай қошшым, қыз не деди?

**Ғаррыбай:** Семириңкиреген соң келе ғой деди.

**Елеген:** Онда Әлимбет гуппанның қызы болды ғой?

**Қудыяр:** Бизиң баладан бир батпандай аўыр қусайды ғой?

**Елеген:** Қудайлар сақласын, нашар баланың семизи дым қолайсыз болады екен. Тап, әкесинен де жуўан ба деп қалдым. Ғаррыбай иним, сен қыз бенен ушырасқанда бирден тийесең бе деп түйеден постын таслағандай етпе. Жатығына сөйлес.

**Қудыяр:** Ҳее, сөйтип үйретөссе, Елеке, тис қаққансаң ғой.

**Елеген:** Дәслеп муҳаббатыңды айт.

**Ғаррыбай**: Қасына жақынлаўға қорқып турған адамда муҳаббат бола ма?! Муҳаббат дегенниң өзи менде болған емес. Қандай екенин-әм билмеймен.

**Елеген:** Жаңағы гәпине түсинбей қалдым. Қасына жақынлаўға қорқып…

**Қудыяр:** *(күлип)* Турпатлы болған соң алыстан сөйлескен ғой.

**Елеген:** Ҳә, солай ма? *(күледи)* Енди, иним, ҳәзирги болажақ келин менен қушақласып турып сөйлесе бересең. Өзиң қатарлы нашар.

**Қудыяр:** Ата-анасы бар ма?

**Елеген:** Бар болғанда қандай! Жақсы адамлар. Қатнасқандай жер болса, қанатлап отыр. Ал, Ғаррыбай қошшым, гөжени төгип алма.

**Ғаррыбай:** Қыз бенен гөже ишемиз бе?

**Елеген:** Гөже болар, басқа болар, қуры аўыз қайтпайсыз-дә, бирақ, алағанат болып қызға бирден бас салма. Дәслеп шийрин-шийрин сөзлериңди айт, ашық екениңди айт.

**Ғаррыбай:** Уяламан… уялмағанда да менде шийрин сөз барма? Оны көрмей турып қаяқтан ашық боламан?

**Елеген:** Ғайбана ашықлық деген болады. Басқасын не қыласаң, жолыңда өлемен дей берсеш. Жүрегим лаўлап баратыр де!

**Ғаррыбай:** Түтини қәне десе не қыламан?

**Қудыяр:** Ҳә, яндырасаң-дә, түтинин сорап не қылады ол?! Жүректен түтин шыға ма?!

**Елеген:** Сениң нең кетеди, алдында жуўқылдай берсеш!

**Ғаррыбай:** Сөйтип жуўқылдағанымда, буннан он-он бес жыл бурын үйленетуғын едим ғой.

**Елеген:** Периштелериң әўмийин десе, еле де кеш емес. Қырыққа шыққанша үйленбей жүргенлер көп ғой. Солай емес пе, Қудыяр аға?

**Қудыяр:** Аўа ғой, енди… кудай қырын қарамаса, еле де ғаўқылдасып қалыўға болады.

**Елеген:** Анаў үш әйнеги берман қараған жай–қыздың үйи. *(ол қолы менен сахнаның оң тәрепин силтейди.)*

**Қудыяр:** Мен таныйман ба?

**Елеген:** Таныйсаң. Көмекбай қатпа не?

**Қудыяр:** Ҳә-ҳә, оның тек қатпалығы болмаса жақсы адам ғой. Оның да ержетип отырған қызы бар екен-аў.

**Елеген:** Аўа, ержетип отырғаны қашшан! Сол шамасы, сениң балаңа қарап отырған шығар-аў. Былай етейик, Қудыяр аға, алды менен екеўимиз үйине барайық. Жай-жағдайын сорайық, кейин мен бир қыйтығын таўып, үйинде қызы болса женгесине айтаман да усы жерге жибертемен. Сен, Ғаррыбай иним, усыманда қыздың жолына айдай қарап отырабер.

**Ғаррыбай:** Уят-уят… Биреўлер ушырасып, не қылып турған баласаң десе не деймен?

**Елеген:** Машын күтип турман де!

**Ғаррыбай:** Аяқ соқпақтан машын жүре ме десе…

**Елеген:** Еле сол жағы да бар екен-аў. Жоқ излеп жүрмен де.

**Ғаррыбай:** Не жоқ десе…

**Елеген:** Мал де!

**Ғаррыбай**: Қандай мал десе…

**Елеген:** Шақы бар де!

**Ғаррыбай:** Шақы жоқ мал бола ма десе…

**Қудыяр:** Қудайдың өлими! Қорадағы бир малыңның түр-түсин айт та, қой дә!

**Ғаррыбай:** Мал излеген адам бир жерде тура бере ме десе…

**Елеген:** Қудыяр аға, балам сөйлемейди деп едиң, мынаўың быжық болып кетти ғой.

**Қудыяр:** Әй, айтып отырғаны гилең басына пайдасы жоқ гәплер. Биреўди күтип турман де де қой, хаў, сениң геллеңди кесип әкете ме? Ҳеш жаққа кетип қалма!

**Елеген:** Қудыяр аға, жүрейик. Исимиз оңынан келгей! *(олар сахнаның оң жағына кирип кетеди.)*

**Ғаррыбай:** Бул қандай қыз екен-әй? Әй, усы сергелденнен қутылайын, егер қыз мени қәлейтуғын болса, алайын да тынайын. Енди сайлап-шаншып жүретуғын ўақтым жоқ. Тартынғанды қояйын. Ҳәй, усы өзим де адамнан несине тартынаман? Сонда да, қыз дегенниң бир бәлеси бар ма деймен…Көриўден тилим таңлайыма жабысып қалады. Жаңа Елеген аға дурыс айтты, яр дегеннен қызға қарап маған тий деў турпайылық ғой. Маған тий демей басқа сөз айтыў керек шығар? Басқа қандай сөз бар? Мениң ҳаялым бол… Жоқ, бул да жумсақ сөз емес. Маған жубай бол. Әне, бул сәл жақынласып киятыр. Екеўимиз қосылайық десем, қатып кетпей ме? Усыны айтаман. Муҳаббатың бар ма десе, не қыламан? Ол жоқ ғой, лекин, жоғын билдирмей бар деймен. Қаяқта десе, үйде деймен! Үйде? Үйдеги муҳаббатыңа кете бер десе. Яқ, оны жүрегимде деймен, бәрибир, жүректе муҳаббат бар ма, жоқ па, оны ол қыз түўе, врачлар да билмейди. Мени сүйесең бе десе, не қыламан? Аўа, деймен! Қай жеринен сүйсем екен? Әкемниң айтыўы бойынша шорп еттирип аўзынан сүйиўим керек… Қойш, ҳәр нәрсе жеп жүрген аўзынан сүйиўдиң не қәжети бар? Шорп еттирип бетинен сүйейин де қояйын-дә. Бул жағы питти. Мени қашан аласаң десе, не деймен? Оны ғарры биледи десем, Ғаррыбай не биледи десе… Ертең аламан деп қояйын, бүгин әкеткендей көлик жоқ ғой. Келиншекти пияда апарыўға болмайтуғын шығар… Аўа, хаў, ҳәзир түўе, бурынғы заманда да ат арбалы апарған ғой, ең таппағаны атқа мингестирип апарған. *(Ғаррыбай жоқарыдағы гәплериниң ҳәммесин былай-былай гезип жүрип айтады. Жолдан сумкасы бар қыз–Ырысгүл сәлемлеседи. Ол қыз сахнаның шеп тәрепинен шығады.)*

**Ырысгүл:** Сәлем, ағай!

**Ғаррыбай:** Саламатсыз ба, усы аўылда турасыз ба?

**Ырысгүл:** Аўа. Хызмет?

**Ғаррыбай:** Жайша…биреўди күтип тур едим.

**Ырысгүл:** Күткениңиз келеди ғой, қаладан қайтып едик… *(оң тәрепке кетеди.)*

**Ғаррыбай:** Усындай қыз болса қатып кетер еди, әттең, күйеўи бар келиншек шығар… Не де болса қыйын болды. Маған хеш гәп-аў, ағама қыйын болды. Әй, усы, муҳаббат дейди, күйдим-жандым дейди, соның өзи рас па екен? Сыйыр саўыўдан, нан жабыўдан, аўқат писириўден, кир жуўыўдан, үйдиң ишлерин тазалаўдан бос ўақытларымда сонша китап оқыйман, сонша ашық қыз-жигитлердиң турмысы менен танысаман, бирақ, өзимде муҳаббат дегенди сезбеймен. Қызлардың несине ашық болады? Ол да өзиңдей адам, сендей болып дем алады, сендей болып аўқат жейди, сендей болып сөйлейди, соннан келип оған сонша ашық болып, ҳәтте, гей биреўлер жолында өлип кетеди-аў! Ўәй, ақмақлар-әй… Муҳаббат дегенди маған қусаған бир иси ериккен ойлап тапқан, болмаса оның пайда болыўы мүмкин емес. Пайда болыўы деймен-аў, улыўма бийкар гәп. Мәселен, мен бир нәрсени ойлап таппақшы болсам, дәслеп схемасын, эскизин қағазға түсиремен. Аўа, муҳаббатты ойлап тапқанлар неге схемасын сызып кетпейди? Қуры муҳаббат, муҳаббат деп аспанға қарап зарлана берген менен ол бир жақтан қус болып ушып келе ме? *(сахнаның оң жағынан бағанағы қыз көринеди.)* Мениңше, муҳаббат деген сөз қалың мал дегенниң синоними болыўы мүмкин. Болмаса, қыз-жигитти муҳаббат қосотуғын болса, қалың мал дегенниң неге кереги бар?! Аўа, таўдай муҳаббатың болса да бир сыйырдың шақында кетеди. Ҳәзир бағып отырған бес сыйырымның алдында талай-талай муҳаббатыңның дал-далы шықсын! Ўоой, муҳаббатың ким, сыйырың ким?! *(Ғаррыбай қызға көзи түсиўден уялып, қолайсыз жағдайға түсип қалады да, еки алақаны менен бетин басады. Қыз оның қасына жақынласады.)*

**Ырысгүл:** Уялмай-ақ қойың, бағанағы қызбан ғой.

**Ғаррыбай:** Кеширерсиз…мен мәзи… адам болмаған соң өзим менен өзим… Бир жаққа баратырсыз ба?

**Ырысгүл:** Жоқ, усында келдим. Атыңыз ким?

**Ғаррыбай:** Ғаррыбай.

**Ырысгүл:** Жағымсыз ат екен. Оны алмаслайық.

**Ғаррыбай:** Ҳаў, кемпир-ғаррының қойған атын жол үстинде ап-аңсат өзгерте қойыў ерсилеў емес пе? Өзиңиздиң атыңыз ким?

**Ырысгүл:** Танысыўыңызға болады, мине! *(паспортын көрсетеди.)*

**Ғаррыбай:** *(көрип)* Ырысгүл екен ғой! Жақсы, жақсы, екеўимиз қурдас екенбиз. Бир жерде ислейсиз бе?

**Ырысгүл:** Аўа, бақшада музыкадан муғаллим.

**Ғаррыбай:** Музыкантсыз ба? Онда зор екен. Не шертесиз?

**Ырысгүл:** Пианино!

**Ғаррыбай:** Ўай-буў, ондай нәрсе бизиң үйде жоқ ғой ҳәкисине.

**Ырысгүл:** Сизиң үйдиң не байланысы болды буған?

**Ғаррыбай:** Енди… жаңағы бизиң ғаррылар бир нәрсе айтпады ма? Мен сизди ойнатыў ушын күтип турғаным жоқ ғой. Не ушын бул жерде сергиздан болып турғанымды айтпады ма?

**Ырысгүл:** Жақ, жеңгем айтты: жолдағы жигитке жолық деп. Жолығыў ушын келдим. Айтыңыз, не жумыс?

**Ғаррыбай:** Сизди айттырып келдик. Аржағын айтыўға уяламан.

**Ырысгүл:** Уялғаны қалай? Меннен-әм уяласыз ба?

**Ғаррыбай:** Адам баласынан уяламан. Қыз ба, қатын ба, бәрибир. Сизде уят жоқ па?

**Ырысгүл:** Неге уят болмасын! Уят көп! Уятсыз болғанда қашшан кетпеймен бе?

**Ғаррыбай:** *(күлип)* Онда гилең уятсызлар кетип, гилең уятлылар сениң менен мендей бойдақ болып жасап атыр екенбиз-дә!

**Ырысгүл:** Мен өй дегеним жоқ. Өзиме жеткиликли уятқа ийемен.

**Ғаррыбай:** Гәптиң посгеллеси… пай, усы умытшақлығым бар-дә, атыңыз ким еди? *(Ырысгүл тағы паспортын береди. Ғаррыбай оған үңилип)* Ҳее, Ырысгүл… *(атын сораса паспортын бере бергенине Ғаррыбай таңланып, оған әжепленип қарайды.)* Гәптиң посгеллеси, Ырысгүл, бизлерди қудай қосса да, ғаррылар қосса да, қосылыўымыз керек шығар. Аржағын айтыўға уяламан.

**Ырысгүл:** Неге уяласыз? Мениң соңғын еситким келеди…

**Ғаррыбай:** Келгели атымды бир айпадыңыз, Ырысгүл?

**Ырысгүл:** Айттым ғой, атыңыз жағымсыз екен деп…

**Ғаррыбай:** Атым унамаса, өзим де қарқ емес шығарман. Сөзди көбейте бермей-ақ, онда тарқасайық.

**Ырысгүл:** Ҳаў, сөйлес… бул мәңгилик ис ғой, ҳә деген мә деген бола ма?

**Ғаррыбай:** Ол да дурыс, Ырысгүл, не сөйлессек екен, бала?...

**Ырысгүл:** Нешеге келдиңиз?

**Ғаррыбай:** Айттым ғой баған курдас екенбиз деп…

**Ырысгүл:** Усы ўаққа шекем үйленбедиңиз бе?

**Ғаррыбай:** Үйлениў қайда?

**Ырысгүл:** Ҳә, неге?

**Ғаррыбай:** Қол тийди ме? Бес сыйыр бар, жылда туўады…

**Ырысгүл:** Туўғанда не, оның бузаўын бесикке бөлеп, шайқап отпайсан ғой.

**Ғаррыбай:** Ҳаў, бес сыйырды ким саўады? Есиң дурыс па? Еки мезгил саўғанның өзинде де бир мезгил ўақтың кетеди.

**Ырысгүл:** Оны саўатуғын басқа адам жоқ па?

**Ғаррыбай:** Бурын әкемиз екеўимиз саўатуғын едик, ала сыйыр оны бир сапар теўип алып, соннан берли қарасы батсын деп қораға жоламайтуғын болды.

**Ырысгүл:** Анаң жоқ па?

**Ғаррыбай:** Өлип калғанына да онлаған жыл болды.

**Ырысгүл:** Әкең менен екеўиңиз жасайсыз ба?

**Ғаррыбай:** Аўа. Тағы бир пышығымыз бар, жайдың ишинде сол үшеўимиз турамыз. Сыртта қорада бес сыйыр, бес баспақ, бир тана, еки ийт, жигирма бир таўық, сегиз қой, бир қошқар, он үш ешки, төрт серке, он сегиз ылақ…

**Ырысгүл:** Бай-буў, бай екенсиз ғой!

**Ғаррыбай:** Сонша байлықтың не кереги бар, қызығын көрмесек…

**Ырысгүл:** Усыннан зыят қызық бола ма? Бос ўақтың болмайды, соған алағада боласаң.

**Ғаррыбай:** Алаң болыўға да ўақтым бар ма? Таң азаннан шай қайнатаман. Түсте баз-баяғы, кеште аўқат, нан таўсылса тандыр өртеў, нан жабыў…

**Ырысгүл:** Нан да жаба аласыз ба?

**Ғаррыбай:** Аўылымыздың қатынларынан шебер жаўаман. Аўылда бир мереке болса, жаўып бер деп маған жалынады.

**Ырысгүл:** Мен қыз басым менен нан жаба амайман.

**Ғаррыбай:** Ол жағынан қысынба, өзим қатыраман! Қасымда шөректи жасап берип турсаң болды.

**Ырысгүл:** Кийимди де жуўасаң ба?

**Ғаррыбай:** Жуўғанда қандай! Кир-қоңның бәрин адайдай етип қояман. Үйдиң ишин де минтаздай етип тазалайман. Меннен аўысатуғын жумыс жоқ.

**Ырысгүл:** Онда саған үйлениў қәжет емес ғой.

**Ғаррыбай:** Мен де бойымды таслап турғаным жоқ. Ғарры қылмай атыр ғой. Бир жағынан оның ыңғырыўлаўы да дурыс. Оған ақлық керек. Маңлайым қурып, сол жери қолымнан келмейди екен-дә! Сен бар ғой, ғаррыға ақлық туўып берсең болды, қалған жағында бақшаңда музыкаңды шертип жүре бер!

**Ырысгүл:** Сен өзи ақлық соғыўды билесең бе?

**Ғаррыбай:** Қаяқтан билемен, ақлық деген де адамға уқсаў керек. Мен скульптор емеспен ғой. Мениң билетуғынларымды айттым ғой: сыйыр саўыў, тамақ писириў, нан жабыў, кир жуўыў, үйдиң ишин тазалаў. Қолымның бос ўағында тағы бир

шуғылланатуғыным бар, бирақ, ол қупыя нәрсе. Үйге барып ала бер, кейин көрсетемен. Ал, өзиңше, ақлық туўыў қолыңнан келе ме?

**Ырысгүл:** Ҳаў, мен еле қызбан ғой!

**Ғаррыбай:** Қызбан деп жүре бергенше, үйрене берген мақул. Қащанғы қыз боласаң?! Не қылдық, сөйтип, келистик пе?

**Ырысгүл:** Нени келистик пе?

**Ғаррыбай:** Ғаррыға ақлық туўып бериў жағын-дә!

**Ырысгүл:** Ол ушын алды менен қосылып алмаймыз ба?

**Ғаррыбай:** Қосылсақ қосылайық, ҳәзир-әм қосылып турғанымыз жоқ па? Тап, ҳәзир үйбетке бирге кетеберейик пе, сыйырларды саўатуғын ўақтым болып қалды.

**Ырысгүл:** Пиядадан пияда ма?

**Ғаррыбай:** Машын болғанда қәне, мен де кешикпес едим… Ҳаў, жаңағы бизиң ғаррылар шықпады ғой?!

**Ырысгүл:** Мен кетейин…

**Ғаррыбай:** Кетсең кет. Мен де асығып турман. Үйиңе барыўдан ғаррыны қайтар, болар сол отырғаны. Қыздың мийнетин шегетуғын мен, ал, олар жамбаслап жатып шай урғанды қойсын!

**Ырысгүл:** Енди қашан келесең?

**Ғаррыбай:** Ертең сәскеде сыйырларды саўып болған соң.

**Ырысгүл:** Мен ол ўақта бақшада боламан.

**Ғаррыбай:** Ол жерге мени киргизе ме?

**Ырысгүл:** Мени айтсаң, аўа! *(Ырысгүл узақлай баслайды.)*

**Ғаррыбай:** Ал, яқшы, ядым қурысын, атың ким еди?

**Ырысгүл:** *(даўыслап)* Ыйысгүл!

**Ғаррыбай:** Ыйысгүл?! Ырысгүл емес пе?

**Ырысгүл:** Яқшы онда, Ғаййыбай! Ейтенге шекем… *(көринбей кетеди.)*

**Ғаррыбай:** Ыйысгүл… Ғаййыбай… ейтенге шекем… Бул не, күни менен әбенедей еди ғой… Ҳаў-ҳаў… *(Қудыяр менен Елеген келеди.)*

**Қудыяр:** Балам, не қылдыңлар, болдыңлар ма?

**Ғаррыбай:** Болмады, Қудыяй!

**Қудыяр:** Мынаған бир нәрсе салқынын салып кеткеннен аман ба? Әкеси менен ойнағысы келеди ғой. «Жылағысы келген бала әкесиниң сақалы менен ойнайды», дейтуғын еди. Келин менен таныстың ба?

**Ғаррыбай:** Таныстым. Аты Ыйысгүл екен.

**Қудыяр:** Ыйысгүл? Ҳә, гүл болған соң ийси болады-дә, оның несине…

**Ғаррыбай:** Ҳаў, ол Ыйысгүли бара берсин-аў, балаңның аты да әлемәжуўа болып қалды ғой.

**Елеген:** Не таўып турсаң, Ғаррыбай иним?

**Ғаррыбай:** Енди мен Ғаррыбай емес, Ғаййыбайман! Ейтеңнен баслап Ғаййыбайман!

**Қудыяр:** Қой, мынаған бир бәле көринген шығар?

**Ғаррыбай:** Бул келиниң, аға, «р» ды айталмайды екен. Қудай сақлап, оны да жаңа кетип баратырғанда сезип қалдым-аў. Аңласам, күни менен «р» сыз сөзлер менен сөйлесип турған екен.

**Қудыяр:** «Р» ды айта алмаса айта алмайды-дә. Ҳаў, оның «р» ы менен не жумысың бар? «Р» дан басқа жағы дүзиў болса болды-дә!

**Елеген:** Бийшара, усы «р» дың себебинен отыз бес жасқа шекем отырып қалды, болмаса басқа жағы қатқан шығар-аў!

**Ғаррыбай:** Елеген аға, сонда Ғаррыбайға «р» сыз нашар-әм бола береди деп әкелдиң бе?

**Елеген:** Қәйдем билейин, иним, «р» дың онша неге кереги болып қалды? «Р» дан еки ийттиң бириниң аўзы босамайды ғой. Усы қарындастың ийт қурақым «р» ды айталмағанына жаным ашыйды-дә. Сен, Ғаррыбай иним, усы қызды ала бер… Ендиги қалған жағында «р» сыз сөзлер менен де бираз жыл күнелтиўге болады.

**Қудыяр:** Сөйте ғой, балам, туўған балалары ырылдасып шықса болды-дә! Адамлар гүңелек пенен де оңысық етип киятыр ғой.

**Елеген:** Ҳаў, анаў бизиң аўылдағы Нурниязды билесең ғой, ҳаялы гүңелек болса да ҳәзир еки баланың анасы болып отыр.

**Ғаррыбай:** Енди, айтқаныңыз дурыс ғой. Бала туўыў ушын тилдиң зыяны жоқ. Солай да үйленбеген атым бар…

**Қудыяр:** Әй, атыңа от түссин! Усы ўаққа шекем сениң үйленбедим дегениңе бир нашар да исенбейди.

**Ғаррыбай:** Исенбесе қойсын, өзим исенемен ғой!

**Қудыяр:** Былай етейик, ең әўелги Зыяданың қызына қайта барайық. Бойы кишкенеси жақсы ғой, балам. Кийимнен утасаң. Баллардың кийими менен-ақ оңыса береди. Ҳәм ол кийимлер арзан. Бирақ, анаў гуппанның қызы болмайды. Ол заңғар бир қатынның көйлегин бир өзи кийетуғын шығар.

**Елеген:** Аўа! Не қылсаңыз да биреўине асылың, тезирек той жейик, Қудыяр аға!

**Қудыяр:** Мына ләмсер бир жағына шықса, тойдан аянып отырғаным жоқ. Бул я өзинше қыз ала алмаса, я көрсеткен қызыңды қәлемесе…

**Ғаррыбай:** Тағы көриңкирейик, аға, мениң де теңим тауылып қалар.

**Қудыяр:** Сениң теңиң енди туўылатуғын шығар?! Ўай, яндырасаң-аў!

**Елеген:** Тағы бир қызға апарайын ба?

**Қудыяр:** Апар!

**Ғаррыбай:** Яқ, мен бармайман!

**Қудыяр:** Ҳаў, сен бармасаң бизлер не деп барамыз, оңбаған!

**Ғаррыбай:** Ўақтым жоқ!

**Елеген:** Ҳаў, буның ўақты болмаса…

**Қудыяр:** Әй, былшылдай береди!

**Ғаррыбай:** Ҳаў, аға, ҳеш болмаса сен түсинсең-о мени! Ўақтым жоқ дедим бе, ўақтым жоқ!

**Қудыяр:** Неге ўақтың жоқ?

**Ғаррыбай:** Сыйыр саўатуғын ўақтым болып қалды!...

**ПЕРДЕ**

**II БӨЛИМ**

*Сахна декорациясы өзгермейди. Сахнаның шеп жағында Қудыяр ғарры қыял сүрип отырғанда Ғаррыбай жуўырып шығады.*

**Ғаррыбай:** Аға, ҳә, аға! *(Қудыяр ғарры шоршып кетип қулаўдан сәл қалады.)*

**Қудыяр:** Атымды үркитип жибердиң ғой, заңғар!

**Ғаррыбай:** Не ат?

**Қудыяр:** Не ат болатуғын еди, минетуғын ат-тә, табыт емес, әйтеўир. Түсимде атлы баратыр екенмен.

**Ғаррыбай:** Пай, аға, сеники жатсаң да түс көриў, отырсаң да… Оңыңда ешекке мине алмай жүрип, түсиңде ылғый атқа минесең.

**Қудыяр:** Неге ҳаплығып жүрсең, аманлық па?

**Ғаррыбай:** Ҳәзирше аманлық, бирақ, изиниң қандай болатуғынын билмеймен.

**Қудыяр:** Түсинсем буйырмасын.

**Ғаррыбай:** Қызыл сыйыр түни менен толғатып шықты.

**Қудыяр:** Туўды ма?

**Ғаррыбай:** Туўыў қайда? Туўса сеннен сүйинши сорайман ғой. Жәниўар еле ыңқылдап қояды. Мал докторын әкелмесе болмайтуғын шығар…

**Қудыяр:** Әкелиў керек, ҳаў, «жаман айтпай жақсы жоқ», сәл жерде әўкийген бир сыйырымыздан айырылып қалармыз. Тез барып қайта ғой.

**Ғаррыбай:** Мен… уяламан-аў, аға. Кеңсе бетте не көп, адам көп. Өзиң…

**Қудыяр:** Пиядалап қашан жетемен енди.

**Ғаррыбай:** Жаңағы түсиңдеги атқа минип алсеш… *(Қудыяр түргеледи.)*

**Қудыяр:** Келинге де жарытпады бу қудай. Кашан көрсең Қудыярдың шаўып баратқаны жалп-жалп! Әкел мениң таяғымды! *(Ғаррыбай таяғын әкелип береди.)*

**Ғаррыбай:** Барыўыңнан кайтыўың тез болсын, аға… Сәл жерде бийшара сыйыр бала үстинен жан тәслим болар.

**Қудыяр:** Сыйыр өле ме, я мен өлемен бе, оны бир қудайдың өзи биледи, балам сонда да қасында шықпас жанға себепши болып тур. Жан қыйнап бир күшенсе туўса туўа кетер.

**Ғаррыбай:** Еплеп басы көринсе, суўырып аламан ғой, аға.

**Қудыяр:** Қой, гүдибузаршылығыңа салып жүрме, басын жулып аларсаң.

**Ғаррыбай:** Пай, апам болғанда! Сыйыр туўдырыўға шебер еди, пақыр.

**Қудыяр:** Апаң болғанда сыйырды терсекейине туўдырсын, маған да шеп болмас еди. Қызыл сыйырың толғатып атыр деп оны әўлийеден қалай әкелемиз. Усы бизде сыйыр туўдырғыш ким?

**Ғаррыбай:** Пирлен деген ветврач киси бар.

**Қудыяр:** Оның өзи қолынан келе ме?

**Ғаррыбай:** Аўа, мал докторы болып бала–шағасын бағып отыр ғой. Хаў, баяғыда ала сыйыр туўа алмай қалғанда қолын суғанағына дейин суғып, бузаўын тартып алған сол ғой!

**Қудыяр:** Хәә, сол бала десе! Сөйтип жүрген болса, үйжанғыр менен қол алысып сәлемлесиўдиң өзи де мәкириў екен. Бирге табақлас болып жүргенлердин жанына сәддақ! Бар, сыйырды көрип кел, еплеп туўған болса, хәлекшиликтен қутылайын. *(Ғаррыбай кетеди.)* Нәм-наған сыйыр, бала, өзинше туўа бергенде не қылады екен?! Сақалымды салпылдатып мени хәлеклей бергенше… *(Ғаррыбай келеди.)*

**Ғаррыбай:** Сол турысы, аға, ыңырсыўы бурынғыдан да бәлентлеў ме деп қалдым.

**Қудыяр:** Онда егленбейин, сен суў ысытып қоя бер.

**Ғаррыбай:** Оны не қыламыз, туўған соң сыйырды шомылдырамыз ба?

**Қудыяр:** Хаў, жанағы докторың туўдырып болған соң билеклерин жуўмай ма?

**Ғаррыбай:** Хее, оған жеткендей суў табамыз ғой.

**Қудыяр:** Ал, онда мен кеттим. *(шығады.)*

**Ғаррыбай:** Тезирек келеғойса жақсы болар еди. Ҳаслы сыйыр демесең, толғақтың ҳазарына қыйналыўы адамдай, җәниўардың. Өзи де бир сүтли сыйыр еди… Барып көрип қайтайын. *(Кетеди. Зыяда кемпир көринеди.)*

**Зыяда:** Үйинде адам жоқ па екен? *(Тумлы-тусына қаранады.)* Ким бар? Ҳуў, ким бар деймен?

**Ғаррыбай:** *(Жуўырып кирип иркилип қалады да алақаны менен бетин басады.)* Биз…мен…барман.

**Зыяда:** Бетиңе шыйқан шықты ма, қыршын, неге жасырасаң?

**Ғаррыбай:** Салаўмал…әйкум! *(бир қолы менен бетин басып, екинши қолын оған созады. Зыяда кемпир оның созған қолына ҳасасы менен сарт еттиреди.)*

**Зыяда:** Тарт қолыңды, әй, қолсыз қалғыр!

**Ғаррыбай:** *(тикленеди)* Ҳаў, ҳаў, мени… мени неге ғарғайсыз?

**Зыяда:** Ғарғыс аз саған, жалатай! Әкең кайда?

**Ғаррыбай:** Сыйырымыз…

**Зыяда:** Әй, мен сеннен сыйырыңды емес, әкеңди сорап турман!

**Ғаррыбай:** Түни менен толғатып…

**Зыяда:** Әкең бе?

**Ғаррыбай:** Аўа! Аўа деппен-аў, сыйырымыз…

**Зыяда:** Ҳаў, мен сеннен әкеңди сорап турман деймен! Сыйырымыз, сыйырымыз дей береди ғой, мына ләмсер! *(сыйырдың мөңиреген даўысы.)*

**Ғаррыбай:** Тоқта! Мөңиреди ғой! *(жуўырып кетеди.)*

**Зыяда:** Не қылады-әй мынаў?! *(Ғаррыбай жуўырып киреди.)*

**Ғаррыбай:** Туўыпты! Туўыпты! Өзине қусаған қызыл бузаў туўыпты! Сүйинши, сүйинши! *(Зыяданы қушақлап арман-берман сүйрейди.)* Бир қайырлы кемпир екенсең-әй!

**Зыяда:** Сыйырдың туўғанына бунша қуўанасаң-ә, қатының туўғанда жүрегиң жарылып өлип қаласаң ғой!

**Ғаррыбай:** Қаяқтан өлемен қатыным жоқ болса?!

**Зыяда:** Түнәў күни барғанда бизиң қызға не деп кеттиң?

**Ғаррыбай:** Қайсы қызға?

**Зыяда:** Гүмисайға?

**Ғаррыбай:** Гүмисай? Қой, ондай қызды көрмедим.

**Зыяда:** Әкең менен айттырып барғаның не? Сен онда тартыншақ единң, ҳәзир бетиң ашылған екен.

**Ғаррыбай:** Ҳее, кишкене қыз ба?

**Зыяда:** Кишкене емес, қырыққа барып қалған…

**Ғаррыбай:** Мен оның атын да сорамаппан-аў. Кеширерсиз, сиз сол қыздың анасы екенсиз ғой. Әйтеўир, қаяқта көрдим деймен. Қызыңыз аман ба?

**Зыяда:** Сен оған не деп кеттиң? Сен кеткели жылай беретуғын әдетти шығарды ғой.

**Ғаррыбай:** Апа, қызыңыз дым келтебақай екен. Мениң размерим емес. Еле де өсиңкире, кейин келермен дедим. Басқа ҳеш нәрсе демедим.

**Зыяда:** Ақмақ бала екенсең, қырыққа шыққан адам енди өсе ме?! Оны дәмелендиргениңди қой, алмайтуғын болсаң биреў табылып тур. Беремен де жиберемен. Әкең менен ойласарман деп едим, енди өз аўзыңнан еситсем де болады.

**Ғаррыбай:** Адам табылса, жүдә бәрекелла, бизден рухсат. Аўа, мың жеринен рухсат!

**Зыяда:** Бәрибир әкеңди көрмей кетпеймен. Себеби, бизлер бурыннан қурдаспыз. Тамыр жаңалаўымыз керек. Сени бизиң қыз бенен туўылмастан бурын-ақ атастырып қойғанбыз. Мениң байым, Қудыярдың қатыны өлмей турғанда кашшан-ақ шаңарағыңыз тикейетуғын еди. Ол сеннен үлкен емес, екеўиңиз бир жылда туўылдыңыз. Әкеси ол метрика аларда жылынан ғабырысып 3-4 жыл қосылып кеткен.

**Ғаррыбай:** Апа, әкем бүгин келмейтуғын шығар. Тойға бараман деп қалаға кетип еди… Ертең тағы еки жерде той бар деди, арғы күни үш жерде садақа бар деди ме… Оннан арғы күнлери бир жерлерде намаз шығып қалатуғын шығар. Елшилик… биреў туўылады, биреў өледи. Шамасы, бир ҳәптеге шекем үйге дарымас… Оннанша былай етейик, мен ҳәзир туўған сыйырдың уўыз сүтин саўып әкелейин…

**Зыяда:** Не дейди, маңлайым-аў! Сени жигит шығар деп жүрсек, еле сыйыр саўатуғын да әдетиң бар ма?

**Ғаррыбай:** Мен саўмасам, әкем саўмаса, енди ким саўады? Я сонша сыйырдың сүтин баспақларына емизип қоя берейик пе?

**Зыяда:** Мениң қызымды алғаныңда ҳәммесин тақ-туйнақтай етеди-аў!

**Ғаррыбай:** Ҳәй, ол сыйырды тикейип турып-ақ саўа беретуғын шығар?! Мен ғой жүреме отырсам, дизелерим сы йырдың қарнына тирелип қала береди. Сениң қызыңды тек сыйыр саўыў ушын-ақ алса болады екен! Бирақ, апа, өмирдиң бәри тек сыйыр саўыўға қурылмаған ғой. Қыдырыспа деген болады, көшеде жүргенде де детсадтың қызларындай етип ертип жүриў қолайсыз.

**Зыяда:** Өзиң бил, балам, бизиң қыз да дүзде қалмас.

**Ғаррыбай:** Дүзде қалады деген не? Бул өмирде ҳәр нәрсе өз жуптысы менен жаратылған. Қайда болса да оның өз теңи бар, ол қашан болса да, ерте ме, кеш пе, оны излеп келеди ҳәм қосылады.

**Зыяда:** Яқшы онда, мен кете берейин.

**Ғаррыбай:** Ҳаў, туўған сыйырдың уўыз сүтинен ишип кетпейсиз бе?

**Зыяда:** Бузаўы менен қосылып өзиң ише бер, балам! *(Кетип қалады.)*

**Ғаррыбай:** Қызым жылай беретуғын болды дей ме? Жылағаны неси? Жыласа жыласын, маған не? Ҳаў, мен оған жылағандай ҳеш нәрсе айтпасам… жыласа жыласын, «жыламаған балаға емшек қайда?» Өзи қусаған келтебақай биреўи табылар, ҳәмме мендей болып собырайып өсе бермеген ғой. *(Семиз қыз Айжамал келеди.)*

**Айжамал:** Мүмкин бе?

**Ғаррыбай:** *(Аң-таңы шығып қарап турады.)* Кел-кел, сени сағынып тур едим. Тоқтай тур! *(Оны бир айланып шығып қол алысады.)*

**Айжамал:** Қалай, еле семире алмай атырсаң ба?

**Ғаррыбай:** Семириўге қол тиймей атыр, Айжамал. Аўҳалларың жақсы ма?

**Айжамал:** Жақсы емес…

**Ғаррыбай:** Неге олай дейсең?

**Айжамал:** Әй, бул қарағанда мениң менен геўделес жигит жоққа қусаған.

**Ғаррыбай:** Солай болса солай шығар. Жайша келдиң бе?

**Айжамал:** Сени көзден өткерейин деп келип едим.

**Ғаррыбай:** Мениң немди көзден өткересең?

**Айжамал:** Әй, аз да болса май байладың ба деп…

**Ғаррыбай:** Демниң арасында ма? Сен штанга менен шуғылланыўың керек ғой, Айжамал. Гилең семизлер, тапалтаслар солманда. Теңиңди сол жерден таўып аласаң. Телевизордан штангистлерди көрип жүрсең бе? Тап бир өгиздей негрлер бар-аў…

**Айжамал:** Енди мениң теңим негр болып па? Негрден өзиң ала бер, Ғаррыбай! О неси-әй, тап мен бир байсырап келип турғандай! Иштеги дәртимди түсинер деп келсем…

**Ғаррыбай:** Дәртиң де геўдеңдей үлкен шығар, Айжамал. Дәртиңди азайтқандай менде ақыл қайда? Өз ақылым өзимнен аўыспайтуғын адамман, Айжамал! *(Ырысгүл келип, буларға көринбей тыңлап турады.)*

**Айжамал:** Енди мен қәйтемен?

**Ғаррыбай:** Нени қәйтесең?

**Айжамал:** Ҳеш ким алмаса, бәри геўдемнен қорықса…

**Ғаррыбай:** Қапа болма, ҳеш ким табылмаса өзим аламан, геўде жағын көрермиз. Қәне, аўзыңды жақынлат!

**Айжамал:** Оны не қыласаң?

**Ғаррыбай:** Шорп еттирип бир сүйейин!

**Айжамал:** Уят болады ғой.

**Ғаррыбай:** Уяты ұят-тә, сонда да усы ўаққа шекем қыздың аўзынан сүйип көргеним жоқ.

**Айжамал:** Жатқарып сүймесең аўзым ийкемге келмес…

**Ғаррыбай:** Ол ҳеш гәп, нәҳән аўзыңды таўып аламан ғой. *(Олар сүйисиўге қайымласа бергенде Ырысгүл келип, бир ағаш пенен Ғаррыбайды урады. Ғаррыбай ушып кетеди.)*

**Ырысгүл**: Ғаййыбай! Ҳә, бийопа сениң! Неге ўәдеңнен шықпадың десе, көмпектиң шақасына асылып жүй екенсең ғой!

**Ғаррыбай:** Ўай, өлдим! Өлтирди мени! Айжамал, жәрдем ет маған!

**Айжамал:** Сениң бул сақаў менен де байланысың бар ма еди?! Ҳмм, «үндеместе бәле бар» деген усы екен-дә!...

**Ырысгүл:** Ҳаў, бизлей қашшан келисип қойғанбыз. Үйдиң иши қашшан тойға тайынланып атыйса, бул…бул… саған жабысып туйғаны несс! Усы Ыйысгүл атым саў туйса, мен саған көрсетемен көйесини!

**Айжамал:** Бул жарымес саған да ўәде берген болса, аўылымызда бул сөз салмаған қыз қалмаған екен-дә! Мен еле буны турпаты семириңкиресин деп күтип жүрсем…

**Ырысгүл:** Аўа, саған көмпек кейек, ейкек кейек емес! Маған геўдесиниң тандыйы шықсын, өзи болса болды!

**Айжамал:** Сен өзиң алатуғын болсаң, маған геўдеси қала ма, қатын?!

**Ырысгүл:** Қатын демесең-о бийеўдиң үйден шықпаған қызын! Өзиң қатын! Қатын болмағанда усыманға излеп келесең бе?!

**Айжамал:** Өзиң не, өзиң, излеп келмей не қылып келдиң?

**Ырысгүл:** Мен уйытқы сойап келдим.

**Айжамал:** *(Қыйқыў салып күледи.)* Бәнеңе болайын, шырағым! Қайсы нашар он шақырым жерден уйытқы сорап келеди?

**Ырысгүл:** Зәйүй болсаң жүз шақыйымнан-әм сойап келесең. *(Ғаррыбайға дәпинип.)* Ҳәй, туйсаң-ә!

**Ғаррыбай:** Жамбасым қыймылдататуғын емес. Олла, уршығым тайып кеттиме деймен! Абайласаң болады ғой, Ыйысгүл!

**Ырысгүл:** Адамды еймеклеме, ҳә алдыңа келгий!

**Ғаррыбай:** Сизлер даўды қойып, пәкизе тарқасың. Уят болады. Мен екеўиңизге де жоқпан. Еситтиңлер ме, дүньядан тақ өтемен! Кимди бассынасызлар?

**Ырысгүл**: Бағана мына көмпекке сени аламан дедиң ғой?

**Айжамал**: Алады! Гөшке тапсырғанда да, алды менен мен өтип кетемен! Ал, не қылсаң сол қыл!

**Ырысгүл**: Қәнекей, гөшке тапсыйыла қойсаң! Гөшиңнен майлы колбаса ислесе еди! Сеннен қутылсам болды, көмпек!

**Айжамал:** Ҳәй, қатын! Сен жүдә ҳәддиңнен асып баратырсаң ғой. Аўзыңды желкеңе шығарайын ба, я желкеңди аўзыңа шығарайын ба? Үндемеген сайын еңсеме минесең-ә!

**Ырысгүл**: Еңсеңе Дошымбай атамның буғасы минсин, қатын!

**Ғаррыбай:** Ҳәй-ҳәй! Әдепсиз болмаң өйтип! Бизиң үйдиң алды сизлердиң саўаш майданыңыз емес ғой, ақыр! Қәне, тарқасың!

**Айжамал:** Сени бир жақлы етпей тарқаспаймыз. Билдиң бе?

**Ғаррыбай:** Мени бир жақлы еткени қалай?

**Ырысгүл:** Я көмпектики боласаң…

**Айжамал:** Я сақаўдики боласаң!

**Ғаррыбай:** Ҳәй, маған қараң, сизлер сәл-пәл ойланып сөйлең-дә, ҳаў?! Семиздиң бәри көмпек бола бермейди, «р» сесин айта алмағанның бәри сақаў бола бермейди. Сизлер екеўиңиз де он екиде бир гүли ашылмаған гөззалларсыз. Өйтип бир-бириңизди кемситпең, уят болады. Сондай шырайлы қызларсыз, қоя берип, сөйте тура қудай тала сүйсингендей келбет бермеген маған неге таласып турғаныңызға ҳайранман. Мениң неме қызығып жүрсизлер? Қойың, сизлер өйтип өзлериңди аяқ асты етпең! Уят болады.

**Ырысгүл:** Ҳәй, Ғаййыбай, сен ақылыңды басыңа шайнап жақ, аўысып байатса мына көмпектиң аўзына жақ!

**Айжамал:** Сақаўдың тилине жақ, шүлдирлегенин қоярмекен!

**Ғаррыбай:** Болды, болды енди! Сизлердей гилең көкбетти, урысқақты қатын етип алып не қыламан?! Өз жөниме тыныш жасағаным абзал емес пе? Қой, сыйырымды көрейин…

**Айжамал:** Ҳә, сыйырда бассың қалғыр! Бизлерден саған сыйыр артық!

Ғаррыбай: Аўа-дә! Сыйыр сизлердей болып урыспайды, аўыр-аўыр сөзи жоқ. Мени сүт-қатығы менен бағады. Ал, сизлердиң беретуғын бир литр сүтиңиз жоқ, сонда да урған бопсаңыз жер жарады! Баратуғын үйлериңиз бар ма, я усы жерге биротала келдиңиз бе? Ҳәзир ғарры келеди, уялып қалармыз, келместен бурын тарқасың, берекет табың.

**Айжамал:** *(дөгерекке қарап)* Туў анаў сениң ғаррың шығар-аў, қасында аққа оранған биреў бар.

**Ғаррыбай:** Ветврач шығар…

**Айжамал:** Мейли, бүгинше кеттим, кетиўден сақаўға жабыспа, мақаў!

**Ырысгүл:** Қәне, жабыссын, маңлайын қақ бөлейин!

**Айжамал:** Ҳаў, усы жерге оның жабысыўын аңсап келгениң жоқ па?! Қой, кетейин, қәйин атамның алдында масқара боларман.

**Ырысгүл:** Қаяқтың қәйин атасы? Ол өзимиздики шығай!

**Ғаррыбай:** Мен сыйырыма кеттим! *(кетеди.)*

**Айжамал:** Қәне, арқама мин!

**Ырысгүл:** Айқаңа қайа тас минсин!

**Айжамал:** Хош бол, сақаў!

**Ырысгүл:** Хош бол, көмпек! *(Екеўи сахнаның төринен еки жаққа қарай кетеди. Қудыяр менен ветврач Айшолпан көринеди.)*

**Қудыяр:** Сөйтип, оқыўды быйыл питкерип келдим де. Жарайды, қызым, жарайды.

**Айшолпан:** Шегимиз сизиң аўылға түсти. Жас болған соң жиберген жерине бара беремиз.

**Қудыяр:** Аўа-дә, қызым. Үйлер қәйерде?

**Айшолпан:** Бозатаўда ғой. Кемпир-ғарры шарўа адамлар болған-соң мал докторлығына оқығанымды тәўир көрди.

**Қудыяр:** Тәўир болған. Сеники бир өлмейтуғын кәсип ғой, қызым. Бул халық қай заманда да малсыз жасамаған. Мал бар жерде жан бар, жан бар жерде қаза бар деген, мал да аўырады.

**Айшолпан:** Ал, ата, малды емлеў адамды емлегеннен қыйын. Ол жәниўардың пәлен жерим аўырды деп айтыўға тили болмаса… Жүдә зейинли болмасаң анаў-мынаў аўырыўыңа дурыс диагноз қоя алмайсаң. Демек, диагнозы дурыс қойылмаса, малдың қырылғаны дейбер.

**Қудыяр:** *(қолы менен нусқап)* Анаў көринген жай…

**Айшолпан:** Қатара салынған турақ жайлар екен ғой, жерлери тар емес пе?

**Қудыяр:** Тары тар ғой.

**Айшолпан:** Сонша кең майданда отырып, жердиң қапылғанына ҳайранман. Билмеймен, планын сызған архитекторлардың да не ойлағанын. Аўыллық жер болған соң мал сақлаў керек, дақыл-пақыл егиў керек.

**Қудыяр:** Дақыл қайда, малымызды зорға сыйғызып отырмыз.

**Айшолпан:** Кемпириңиз бар ма?

**Қудыяр:** Кемпир пақыр, ертерек кете қойды. Жалғыз балам бар, соның менен ырыл-тырыл күн кеширип атырмыз.

**Айшолпан:** Келиниңиз бар шығар?

**Қудыяр:** Бар. Еки келиним бар. Бирақ, олар басқа жақта турады.

**Айшолпан:** Ҳаў, балаңыз бул жерде болса, оған бир емес еки келин түсирген болсаңыз, олар басқа жақта турса…

**Қудыяр:** Әй, бул ләмсерге еки келин қайда! Мен үлкен баллардағы келинлеримди айтып атырман. Ал, бул еле үйленген жоқ.

**Айшолпан:** *(иркиледи)* Жасы жетпей атыр ма? *(қолындағы затларын қояды.)*

**Қудыяр:** Әй, жасы түссин буның! Мениң изимди қуўып киятыр.

**Айшолпан:** *(күледи)* Келистиресиз-аў, ата! Қәне, сыйырды тез туўғызып алайық.

**Қудыяр:** Жаңағы бала кайда екен? Ғаррыбай, ҳа Ғаррыбай! *(даўыслайды.)*

**Айшолпан:** Аты Ғаррыбай болса, жасы сизиң изиңизди қуўып киятырғаны дурыс екен, ата! *(Күледи. Ғаррыбай жуўырып киреди де ғаррысының қасындағы ақ халатлы қызды көрип, алақаны менен бетин басып иркилип қалады. Айшолпан аң-таң.)*

**Қудыяр:** Өзи усындай уялшақ бала…

**Айшолпан:** Қой, уялмай-ақ қойың. Сыйырыңызды көремен де кетемен.

**Қудыяр:** Бетиңди ашсаң-ә тыртығы болса да! Өзиңдей қыз, сәлемлес!

**Ғаррыбай:** *(шеп алақаны менен бетин басып, оң алақанын қызға созады.)* Салаўмал…салаўмал…

**Айшолпан:** Саранаўмал дейме?

**Қудыяр:** Салаўма әлейкүм деп атырғаны ғой. Аздан кейин ашылысып кетеди. Оннан соң адамға сөз бермейди. Сыйыр неқылды, балам?

**Ғаррыбай:** Туўдырдым! Өзине қусаған қып-қызыл бузаў туўдырдым, ата, сүйинши!

**Айшолпан:** *(күлип)* Балаң бизден-әм алық болып шықты ғой, ата?!

**Қудыяр:** Өзи туўды ма, я суўырып алдың ба?

**Ғаррыбай:** Суўырып алып, аға, ол не ылайға батып атыр ма? Өзи бир күшенип еди, зоңқ етип шыға қойды, жарқылық! Сонда да врач қыз көрип шықсын, сонша жерден ҳәлекленип келе қойған екен.

**Айшолпан:** Көрейик, көрейик! *(олар сахнадан шығып кетеди, даўыслары еситилип турады.)*

**Ғаррыбай:** Қоралар тарлаў…

**Айшолпан:** Малыңыз көп екен ғой.

**Ғаррыбай:** Бес сыйыр, тана, қой-ешкилер…

**Айшолпан:** От-шөпти мол жыйнаған екенсиз.

**Ғаррыбай:** Мениң мийнетим ғой бәри. Ғаррының маған бақырыўдан басқа талабы жоқ.

**Қудыяр:** Саған күниге үш мезгил бақырып турмаса, шығаннан шығып кетесең!

**Айшолпан:** Ҳее, туўған мына жәниўар ма? Бул өзи сүтли сыйыр, солай ма?

**Ғаррыбай:** Аўа, сүтли болған соң басын аман сақлап киятыр ғой. Болмаса қашшан деңгенеге кететуғын еди.

**Айшолпан**: Ҳе, неге?

**Ғаррыбай:** Ўәй, от жеўи қүдирет! Тап заўыттай жейди.

**Айшолпан:** От жемесе сонша сүт қаяқтан шығады? Жарайды, қораларыңыз таза екен. Мал деген де тазалықты сүйеди. Қоралар патас болса, ҳәр қыйлы жуқпалы аўырыўлар пайда бола береди.

**Қудыяр:** Балам, шай қойып жибер, қызым менен асықпай отырып шай ишейик. Қазаныңды да атландыр!

**Ғаррыбай:** Пай, аға, қыздың алдында жети насырымды бүгесең-дә!

**Қудыяр:** Жетпис жети насырың бүгилсе де, енди не, сениң орныңа аппақ сақалым менен мен қазанға айланысаман ба?

**Ғаррыбай:** Үндемесең де ислеймен ғой. *(Олар сахнада пайда болады.)*

**Айшолпан:** Сизлер бүлинбей-ақ қойың. *(Ақ халатын шешип Ғаррыбайға услатады.)* Қәне, ошағыңызды, қазаныңызды маған көрсетиң. Өзим шыргүбелек айландырайын. Көптен берли тайын аўқат жеп зыққым шықты. Өзим бир таярлайын!

**Қудыяр:** Қонақсаң ғой, қызым-аў, уят болады.

**Айшолпан:** Уяты жоқ! Аўқат писиргенниң неси уят, оның үстине нашар болсам… Ғаррыбайға қазан астырып қойғаным уят болар қайта!

**Қудыяр:** Бар, балам, бәрин көрсет, қасында өзиң де бол!

**Айшолпан:** Көрсетсе болды, қасымда не қылады?

**Ғаррыбай:** Жүр онда… *(олар шығады.)*

**Қудыяр:** Бул нашарды кудай тала арнап бизге жиберген жоқ па екен?! Әй, қудайым-әй, мендей жетимниң көз жасын көрип, усы қызды балама қоса гөр. Жүзи нурлы, шехрасы ашық қандай нашар десе! Туўған, тәрбиялаған ата-анасына рахмет-ә! Түпә, көзим тиймесин! Қәдемлерине нур жаўсын шырағымның! *(ғарры отырып қыялға бериледи, иштегилердиң сөйлескенлери еситилип турады.)*

**Ғаррыбай:** Жақында келдиңиз бе?

**Айшолпан:** Аўа, еле аўылыңызға үйренисе алмай атырман. Бир бөлмели жай берип еди, сонда жасап атырман.

**Ғаррыбай:** Бизиң үйде бола берсеш. *(қазанның шықылдысы еситиледи.)*

**Айшолпан:** Арманырақ тур адамға сүйкене бермей! Анаў есикти аш, майдың ийси менен дүти кетсин. Суўың қайда? Пай, палаў асқанда болатуғын еди-дә…

**Ғаррыбай:** Оны мен-әм ойлап едим-аў, бирақ гешир… солыңқырап қалған.

**Айшолпан:** Аз-маз муздай суўға салып қойғанда қәддин алатуғын еди.

**Ғаррыбай:** Әй, қайдан билейин, қәддин алыўдан өтискен шығар… Мен тағы бир нәрсени бүлдирип алыппан ғой!

**Айшолпан:** Ол не нәрсе?

**Ғаррыбай:** Ҳаў, ат сораспаппыз ғой!

**Айшолпан:** Атым Айшолпан. Сениң атыңның Ғаррыбай екенин билип алдым.

**Ғаррыбай:** Әкем ғарры тол ғой деп солай қойған. Тек, атым болмаса, өзим ондай ғарры емеспен, Айшолпан.

**Айшолпан:** Қәне, қазан қайнай берсин, сыртқа шығайық.

**Ғаррыбай:** Шықсақ шығайық. *(олар сахнада көринеди.)* Ағам шаршады ма деймен, мүлгип отыр ғой.

**Айшолпан:** Ғарры адам болған соң…

**Ғаррыбай:** *(даўыслап)* Аға, ҳа аға!

**Қудыяр:** *(шоршып турады)* Не өзи?

**Ғаррыбай:** Аўқат пискенше ишке барып қыйсайып ала ғой, аға.

**Қудыяр:** Болады, болады… *(ишке кетеди.)*

**Ғаррыбай:** Мине, бизлердиң күн көрисимиз усындай, Айшолпан.

**Айшолпан:** Болады ғой, буннан артық не қыласаң. Айтпақшы, жумыстан кейин не менен шуғылланасаң, Ғаррыбай?

**Ғаррыбай:** Жумыстан бос ўақтың деп… мениң белгили баслы жумысым болмағанлықтан бос ўақтымның бары-жоғын да билмеймен. Кишилеў китапханам бар. Китап оқыйман, сызылмалар сызыў менен ҳәлек боламан. Жақында бир жойбардың планын конкурсқа жибердим.

**Айшолпан:** Нениң жойбары?

**Ғаррыбай:** Ҳәзирше сыр… бир жағына шыққан соң айтаман.

**Айшолпан:** Жасың нешеге келди?

**Ғаррыбай:** Оны сорап ҳәлексең, отыз беске келип калдым ғой.

**Айшолпан:** Отыз беске? Мениң үлкен әжағам менен жаслы екенсең ғой. Ҳаў, усы жасқа шекем үйленбедиң бе?

**Ғаррыбай:** Үйлениў қайда?! Қапылып, ынжықлық қызлардың жүзине каратпады. Қызларға қызықпадым да… Билмеймен, ҳеш бири жүрегимди қозғамайды.

**Айшолпан:** Ғаррыбай аға…

**Ғаррыбай:** Аға демесе, Айшолпан, уяламан. Берекет тап, басқа не десең, сол де, тек, аға сөзин тилиңе баспа. Еле ҳеш ким аға деген жоқ.

**Айшолпан:** Енди, өзиңнен үлкен адамға аға деў–сыйласық, дәстүр ғой.

**Ғаррыбай:** Маған бундай сыйласықтың кереги жоқ, Айшолпан! Мен… мен өмир бойы сендей қызды әрман ететуғын едим… Сени көрмесем де сен менен қыялымда жасадым, Айшолпан… мен сонша жасқа барып қалсам да сениң алдыңда өзимниң жаслығыма қайттым, Айшолпан.

Көзиме шықса да терискен,
Жазбайман мен сени көристен.
Кеўлимде даўылды турғызып,
Жаслықты еслеттиң, периштем.

Қәйтейин, келсе де ашыўың,
Сыртыңнан алайын ашырым.
Муҳаббат қосығын айтқызып,
Изиме қайтардың, ашығым.

Көрмесем қурыйды дийдарым,
Геўдемде таўсылар димарым.
Өзиңнен оншама сескенбей,
Көзиңнен қорқаман, нигарым.

Қайтып бер жаслықтың қарыўын,
Керек ғой қасыңда қалыўым.
Еле ҳеш ким айтпаған сырларды,
Мен саған айтайын, арыўым.

Ойлама өтти деп заманың,
Тынды деп жигитлик самалын.
Муҳаббат тулпарын желдирип,
Алдыңда турыппан, жәнаным!...

**Айшолпан:** Шайыр болып кет-ә! Я шайырсаң ба?

**Ғаррыбай:** Сениң алдыңда шайырман, Айшолпан! Сен маған илҳам перисең, Айшолпан!... Усы ўақытқа шекем муҳаббаттың барына исенбейтуғын едим, бирақ, сен тәрептен мениң жүрегиме бир жыллы, ләззетли сезим қуйылып атыр, сениң жүзлериңнен мениң кеўлимдеги геўгимлер жақтыланып атыр, усы ма, усы ма муҳаббат, Айшолпан?!

Мен муҳаббаттың барын билмедим, сол ушын ынжық болдым, натық болдым, мени қызлар ермек етти… Бәрине шыдадым, бәрине көндим, олар көкирегимдеги ушқыр әрманларыма түсинбеди, бул әрманлар арасында саған деген сағыныш жасап атыр екен, Айшолпан! Сол сағыныш бүгин муҳаббатқа айланып алдыңа келип тур, қолыңды бер, Айшолпан! *(сырттан машинаның сигналы үсти-үстине еситиледи.)*

**Айшолпан:** Көрип кел, сени шақырып атырған жоқ па?

**Ғаррыбай:** Пай, тап усы ўақытта!... *(сыртқа кетеди.)*

**Айшолпан:** Бул не, басқа бир дүньяға киргендей есеңкиреп кеттим бе? *(Ғаррыбай келеди.)*

**Ғаррыбай:** Қудай буны да көп көрди, машын саған келипти, Айшолпан. Фермада бир сыйыр аўырып қалған екен.

**Айшолпан:** Оой, онда халатымды әкел. Тез барайын.

**Ғаррыбай:** Екеўимиздиң шырысымызды бузды ғой.

**Айшолпан:** Ҳаў, шырағым-аў, биз бул жерде муҳаббат бағында сайранлап жүрсек, ол жақта маллар қырылып атырса…

**Ғаррыбай:** Өзиңниң асып атырған аўқатың өзиңе де буйырмады-аў. Бул қалай болды, Айшолпан?... *(затларын алады, Ғаррыбай жәрдемлеседи.)*

**Айшолпан:** Аўқат бир жаққа қашпас…

**Ғаррыбай:** Ҳаў, сонда… мениң күни мененги сайраганларым жуўапсыз қала бере ме, Айшолпан?

**Айшолпан:** Ал, онда хош! *(кетеди, Ғаррыбай да қосылып шығады. Қудыяр ғарры еснеп киреди.)*

**Қудыяр:** Бойым тәуир-ақ жеңилленип қалды ғой. Ҳаў, жаңағылар қайда? Мал қора бетте ме екен? *(көрип қайтады.)* Ол жақта да жоқ. Қазаны болса пақырлап қайнап атыр. Баламның көз жасын көре қойды ма екен жаңағы дуқтыр қыз?! Илайым, солай болғай-дә! Өзи бир еси пүтин қыз ба деп қалдым. *(сүмирейип Ғаррыбай келеди.)* Ҳә, тағы айырылып қалдың ба, симилтир? Зейнине тийип алдың ба? Ҳаў, өзи асып атырған аўқатын да таслап кетипти ғой.

**Ғаррыбай:** Ҳарам қатқыр, ферманың бир сыйыры аўырып қалыпты. Изинен машынлы келип әкетип қалды. Енди ол келер ме екен, аға?

**Қудыяр:** Ендиги сыйырың туўатуғын ўақытта келеди-дә! Оның сениң үйиңе келиўден басқа талабы жоқ па? Еплеп таныса алдың ба?

**Ғаррыбай:** Аўа, үлкен әжағасы менен жаслы болып шықтым.

**Қудыяр:** Оған да шүкиршилик ет, балам, әкеси менен жаслы болып шыққаныңда қәйтер едиң… Басқа гәп болды ма, я тек жас сорастырып қойдыңыз ба?

**Ғаррыбай:** Менде муҳаббат пайда болды, аға!

**Қудыяр:** Ол не зат?

**Ғаррыбай:** Зат емес, муҳаббат!

**Қудыяр:** Қәйдем, балам, мениң көрмеген бәлемди айта бересең-аў!

**Ғаррыбай:** Ҳаў, апам менен араңызда болмады ма?

**Қудыяр:** Бизлердиң заманымызда муҳаббат не жесин!

**Ғаррыбай:** Муҳаббат деген атам заманлардан берли бар ғой, аға. Жаңағы Айшолпан пүткиллей ес-ақылымды алып кетти, аға! Енди оны көрмесем муҳаббат зардабынан өлетуғын шығарман.

**Қудыяр:** Өш-әй! Муҳаббаттан өлип атырған адам бар ма?! Адамды тек әжел өлтиреди.

**Ғаррыбай:** Сол қыз мениң әжелим, аға! Қайтып көрмесем өлемен…

**Қудыяр:** Неге бирге кетпедиң? Еле де кет, мынаў турған ферма… Бул жерде бостан-босқа өлип атырғанша қасында бол, дәри-дәрмағын көтерисип жүр.

**Ғаррыбай:** Қой, уяламан!

**Қудыяр:** Усы ынжықлығың болса, буннан да бос қаласаң ғой. *(Жүзи жадыраған Айшолпан келеди, қолында хат.)*

**Ғаррыбай:** *(жуўырып алдынан шығады.)* Келдиң бе, Айшолпан?

**Айшолпан:** Атам да ояныпты ғой. Мә, Ғаррыбай, сениң атыңа бир хат келген екен.

**Ғаррыбай:** Ҳаў, ҳаў! *(конвертти ашады.)* Мә, Айшолпан, бүгин көзим ҳеш нәрсени көрежақ емес, көзлерим сениң ай жүзиңе шағылысып қалыпты, Айшолпан! Сен оқы.

**Айшолпан:** *(хатты оқыйды)* Ҳүрметли Ғаррыбай Қудыяр улы! Сизиң «Аўыллық поселка қандай болыўы керек» деген конкурсымызға жиберген бас жобаңыздың жойбары келип түскен отыз мийнеттиң ишинде биринши орынды жеңип алды. Шын жүректен қутлықлаймыз! Сыйлығыңызды республикалық архитекторлар аўқамынан алыўыңызға болады. Сизиң жобаңыз бойынша аўыллық поселканың тырнағы ең дәслеп өз аўылыңыздан басланады. Сәлем менен… Ооо, Ғаррыбайым, қутлықлайман! *(қушақласады.)*

**Қудыяр:** Буныңды қашан ислеп жүрсең, балам? Аўқатыңды көр, келин! *(өзинше)* Маңлайым, келин деп салыппан-аў!

**Айшолпан:** Сизди де қутлықлайман, ата! Бул үлкен табыс ғой.

**Ғаррыбай:** Бул сениң де табысың, Айшолпан… биротала келдиң бе, меники болып келдиң бе, муҳаббатым мениң!…

**Айшолпан:** Аўа! Сенликпен… сениң муҳаббатыңман!...

**Қудыяр:** Не дейди-аў! Бизлер қуры жасап отқан екенбиз ғой. Онда Бозатаўға хабар етейик, қызым?

**Айшолпан:** Бизлер Ғаррыбай екеўимиз барып қайтамыз.

**Ғаррыбай:** Қойса, аға! Аға деппен-аў, Айшолпан… мен… уяламан…

**Қудыяр:** Әй, сениң уялмаған күниң бар ма? Әңгиме сениң уялғаныңда болып турған жоқ. Қыз бенен күйеў ата-енесиниң үйине хабар ететуғын дәстүр жоқ ғой!

**Ғаррыбай:** Мен бармайман!

**Қудыяр:** Сен бармасаң, Ғаррыбай деген биреўди таптым, соған турмысқа шықтым деп келинниң өзи айтып қайта ма, ләмсер? Еле жаңағы ақшаңды да алып қайтыўың керек…

**Ғаррыбай:** Қойса, аға, уяламан… ақша сорап жүремен бе?

**Айшолпан:** Ата, елге дәстүр болмаса, бизлер баслаймыз. Бизге басқа ҳеш нәрсениң кереги жоқ. Тек, мынаў екеўимиздиң жүрегимиз бир жерден соғып турса болды.

**Ғаррыбай:** *(залға)* Мени қутлықлаңлар, адамлар! Мен муҳаббатымды таптым! Мен өмирдеги жолымды таптым! Мен өмир бойы жүрегимде жасап ҳәм маған тынымсыз азап берип киятырған сағынышымның даўасын таптым! Ол-мениң Айшолпаным екен!

**Қудыяр:** Сен қызыл сөзлериңди қой, балам. Тойдың таярлығына кирисейик! Ертеңги тойымызға мирәт етемиз, халайық, келиңлер! Тойхананың төри сизлердики!

**ТАМАМ**

28-30-ноябрь 1993-жыл.